Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ
Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..

Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет
Республиканская народная газета Северной Осетии

РÆСТДЗИНАД

№ 19 (25748)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2023 азы 3 феврал — æртхъирæны мæйы 3 бон, майрæмбон Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ÆМБЫРД
Турризммæ — фылдæр æргом

3 ТЕЛЕУЫНЫНАДЫ ПРОГРАММÆ

4 ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

Зæрдылдарæн бынæттæм

Ног маршрут

Цæгат Ирыстон хаст æрцæудзæн маршрут "Жемчужина Кавказа"-мæ. Уый тыххæй ныхас уыд компани "РЖД ТУР"-имæ,

— хъусын кæны республикæйы Сæргъæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ.

"2023 азы майы мæйæ Ирыстон суыдзæн уыцы туристон маршруты иу хай. Уый фадат ратдзæн алы къуыри дæр 200-250 туристы 'ргом раздахынæн", — дзырдæуы хъусынгæнинаджы.

Зæгъын хъæуы уый, æмæ "Жемчужина Кавказа"-йы туристон поездыл азилæн уыдзæн Цæгат Кавказы горæттыл, хуыздæр сын базонæн сæ цæрджыты культурæ æмæ истори, фенæн зæрдылдарæн бынæттæ.

Нæ уацхæссæг

Æнæниздзинад

Гом дуæртты бон

4 февралы Республикон онкологон диспансеры ацæудзæн гом дуæртты бон. Уый тыххæй фехъусын кодта Цæгат Ирыстоны Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрады пресс-службæ. Ведомствæйы информацимæræсгæ, пациенттæм æркæсдзысты диспансеры раззагдæр специалисттæ — онколог, маммолог, уролог, гинеколог, сæр æмæ бæрзæйы онкологон низты дохтыр. Дохтыр-онкологы амынддзинадмæ ræсгæ ацæуæн уыдзæн УЗИ иртасæн мадзал дæр маммографийæ.

Гом дуæртты бон дохтыртæ пациенттæм æнхъæлмæ кæсдзысты мæнæ ацы адрисыл:

Дзæуджыхъæу, Маркусы уынг 77; Райсомы 9:00 сахатæй — 13:00 сахатмæ.

Кусæг балц

Фембæлд федералон парламенты къордимæ

РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барисæн фембæлд уыд федералон парламенты кусæг къордимæ. Рæгъмæ рахастой Уæрæсейы Президенты уынаффæйæ конд æрсидтон цæттæдзинады, æрсидты, Уæрæсейы граждæнты социалон æмæ барадон хъахъхъæнынады фарстатæ.

Кусæг къорды уæнгтæ уыдысты Паддзахадон Думæйы Хæдбар Паддзахæдты Цæдисы хъуыддæгты, евразиаг интеграцийы æмæ æмбæстæгтимæ бастдзинады комитеты сæрдары фыццаг хæдивæг **Тайсауты Хъазыбег**, Рухсады комитеты сæрдары фыццаг хæдивæг **Янæ Лантратова**. Дыууæрдыгæй рæгъмæ рахастой æрсидтон граждæнтæн æмæ сæ бинонтæн социалон æхххуыс кæныны, рæзгæ фæлтæры патриотон хъомылады, ацы къабæзтæн фадæттæ аразæг закъонæвæрынадон авналæнтæ скæныны фадæттæ.

Дзанайты Барис куыд бафиппайдта, афтæмæй парламентон кусæг къорды архайд баст у абоны вазыгджын фарстатимæ,

Цæгат Ирыстоны разамынд сæм уæлдай фылдæр æргом здахы. "Сæрмагонд æфсæддон операцийы райдайæнæй республикæйы цалдæр социалон ахадгæ мадзалы скуыстой. Зæгъæм, Донецкаг æмæ Луганскаг республикæтæй æрбалидзæг адæмæн цæрæнбынæттæ скодтам, суазæг кодтам 800 адæймаджы, ныртæккæ сты 400-йæ фылдæр. Удæнцой уавæртæ сын сарæзтам, хистæртæн куысты бынæттæ кæнæм, сывæллæттæн та — ахуыры фадæттæ. Нæ батальонтæ фыццаг бонæй фæстæмæ хæстон хæстæ æхххæст кæнынц, Уæрæсейы сæраппонд хæцынц.

Нæ республикæйы Сæргъæууæг арæх вæййы раззаг хаххы, не 'мзæхконты фарсмæ балæууы. Цæгат Ирыстоны фæзынд колл-центр, уый æрсидтон адæмæн, сæ хиуæттæн алывæрсыг консультацитæ, хъæугæ хабæрттæ сæм хæццæ кæны. Республикæйы разамонæджы уынаффæйæ сын материалон æхххуыс кæнæм, нæ цæрджытæ дæр иуварс нæ баззадысты. Гуманитарон æхххуыс æмбырд кæнынц, æрвитынц æй сæрмагонд æфсæддон операцийы бынатмæ. Бархионтæ, æхсæнадон организацитæ, политикон партиты минæвæрттæ, хуымæтæг адæм иуварсæй нæ кæсынц", — загъта Дзанайы-фырт.

Уæрæсейы Президенты уынаффæйæ кусæг къорд арæзт куыд æрцыд, уыдæтты тыххæй радзырдта Тайсауты Хъазыбег. Паддзахадон Думæйы депутаты ныхасмæ гæсгæ, республикæйæ операцийы чи архайы, уыдон сты бæрнон, се 'фсæддон хæстæ læмбынæг æхххæст кæнынц. Бæстæйы æдасдзинадыл архайынц. "Республикæйы Сæргъæууæджы командæ абон ахсджиаг куыст кæны. Бирæ нысантæ бафтыд уæ къухы, фæлæ ма уæм бирæ хъуыддæгтæ æнхъæлмæ кæсынц. Уæлдай æхсызгон у, фарстатыл, хъуыддæгтæ зонгæйæ, кæй архайут, уый. Цы нысантæ ма фæзына, уыдон та иумæ лыг кæндзыстæм", — фæбæрæг кодта Тайсауы-фырт.

Янæ Лантратова радзырдта кусæг къорды нысантæ æмæ хæсты тыххæй. "Хъуамæ суа Президентимæ бастдзинады фæрæз, мах æм æрвылмæй бадæттæм, æрсидтон адæм æмæ сæ хиуæттæн цы æхххуыс цæуы, уый тыххæй хабæрттæ. Ацы ран сæйрагдæр у æрсидтон адæмы домæнтæн фадæттæ саразын, фæстæмæ куы сыздæхой, уæд дæр сæм уыдзæн лыггæнинаг фарстатæ. Хъуамæ закъонæвæрынадон ивддзинæдтæ гæххæттытæм хаст æрцæуой", — бацамыдта Янæ Лантратова.

Фæллой æмæ социалон рæзты министр **Айдарты Алинæ** куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй республикæйы кусынц социалон æхххуысы мадзæлттæ. Уыдонимæ сты бинонтæн фиддонтæ, психологон æмæ юридикон æхххуыс, социалон паспорттæ аразыны хъуыддæгтæ. Фæсивæды хъуыддæгты комитеты сæрдар **Джусойты Руслан** радзырдта æфсæддон-патриотон хъомылад, æвзонг æфсæддонты змæлд, фæсивæды æфсады службæмæ цæттæгæнæн центрты куыст, лæгдзинады урокты тыххæй.

Фембæлды архайджытæ куыд загътой, афтæмæй алы регионы фæлтæрддзинад дæр у ахсджиаг, иннæ субъекттыл æй апарахат кæнæн ис. Цы фарстатыл дзырдтой, уыдон та федералон æмвæзады равзардзысты.

САУТÆТЫ Тамилæ

Æхсæнад

Фæзындзæн культурон змæлд

Нæ республикæйы арæзт æрцæудзæн æхсæнадон змæлд " Уæрæсейы культурон фронт"-ы регионалон хайад. Уый фæдыл арæзт æрцыд æмбырд. Амыдта йæ РЦИ-Аланийы Сæргъæууæджы æмæ Хицауады Администрацийы разамонæг ГОБЕТЫ Ибрагим.

Ныхас цыдис ног структурæ саразыныл, культурæйы архайджыты, ахуырады къабазы æмæ патриотон хъомылады минæвæрттæ, фæсивæды æхсæнадон организацитæ баиу кæныны фарстатыл.

Æхсæнадон змæлдæн бындур æвæрд æрцыд 2022 азы 21 ноябры, УФ-йы Паддзахадон Думæйы, граждайнаг æхсæнад, культурæйы архайджыты фарстаты æмæ сфæлыдыстадон цæдисты рæзты фæдыл уæрæхгонд æмбырды. Нæ республикæ ссис, "Уæрæсейы культурон фронт"-ы хайад кæм байгом, уыцы фыццаг субъекттæй иу. Ацы хъæппæрис бавдыста РЦИ-Аланийы пысылмон дины организацийы сæрдар, муфти **Гуæцæлты Хадзымурат.**

— Змæлд иу кæны граждайнаг æхсæнады æппæт институттæ дæр. Сæ нысан у нæ бæстæ æмæ æхсæнады нывыл рæзт фидардæр кæнын. Змæлд арæзт цæуы Фыдыбæстæ хъахъхъæнджытæ æмæ сæ бинонтæн æхххуысæн, уыдон активонæй архайынц Уæрæсейы æдасдзинад æмæ национ интерестæ хъахъхъæныны фарстаты. Æхсыгон у, æппæтуæрæсеон змæлды хыгъдмæ Гуæцæлты Хадзымурат дæр хаст кæй æрцыд, уый. Уый хъæппæрисæй сæвзæрд нæ республикæйы уæлдæр амынд змæлд дæр. Ныфс мæ ис, цы нысан равзæрстам, уый алыварс кæй æрбангом уыдзысты, патриотизм кæй туджы æхсиды, уыцы адæм, — загъта Гобеты Ибрагим.

Æппæтуæрæсеон змæлды сæрдарæй та æвзæрст æрцыд, Уæрæсейы адæмон артист, славяйнаг æмæ чырыстон адæмты Æппæтадæмон кинофестивал "Золотой Витязь"-ы организатор æмæ президент, Уæрæсейы Фысджыты цæдисы уæнг, Паддзахадон Думæйы граждайнаг æхсæнад æмæ дины æхсæнадты комитеты сæргъæууæджы фыццаг хæдивæг **Николай Бурляев.**

Змæлды сæйраг хæстæ сты: культурæ, ахуырад, рухсад, Фыдыбæстæ хъахъхъæнджытæ, Уæрæсейы дины æмæ алы конфесситы архайджытæ, сфæлдыстадон цæдистæ, культурон проекттæ. Уды хæзнатæ æмæ патриотизмы фарстатæм йе 'ргом чи аздæхта, уыцы культурон-рухсадон æмæ культурон-патриотон æхсæнадон иугондæн ныфсæнцой фæлæуыын.

Уæрæсейаг æхсæнады бинонты традицион хæзнатæ фидардæр кæнын, ныйийарджытæ, сывæллæттыл, фидæны фæлтæрты аудын æмæ уæрæсейаг бирæнацион адæмты культурон бынтæ бахъахъхъæнын, ахуырад, хъомылад æмæ культурæйы рæзты фарстатыл архайын.

РЦИ-Аланийы Сæргъæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ

Фонды æхххуыс

Социалон фиддонтыл бафтыд

Цалдæр социалон фиддоны бæрцыл 11,9 проценты кæмæ ræсгæ бафтыд, ацы азы 1 февралæй фæстæмæ ахæм хицауадон уынаффæ йæ тыхы бацыд.

Индексаци аххæссыд сывæллонджын бинонты пособитыл, Советон Цæдисы æмæ Уæрæсейы Хъæбатырты, стæй адæмы æндæр къордты зæрдылдарæнтыл. Ацы хабар фехъусын кодта Уæрæсейы Социалон фонды цæгатирыстойнаг хайады пресс-службæ.

Зæгъæм, инвалидты, ветеранты, Советон Цæдисы æмæ Уæрæсейы Хъæбатырты, Намысы ордены æхххæст кавалерты, Социалистон Фæллойы Хъæбатырты, Уæрæсейы Фæллойы Хъæбатырты, Фæллойадон Намысы ордены æхххæст кавалерты æмæ, радиаци кæй бахъыгдардта, уыцы адæмы социалон фиддонтыл 1 февралæй фæстæмæ бафтыдтой. Индексаци сывæллонджын бинонты иуæй-иу пособитыл дæр аххæссыд (сывæллоны райгуырды рæстæг иухаттон æмæ сывæллонмæ зилыны фæдыл æрвылмæйон пособитæ).

Уымæй уæлдай, 1 февралæй фæстæмæ ныйийарæджы капиталы бæрцыл бафтыд 11,9 проценты. Ныйийарæджы капитал чи нæма бахардз кодта, уыцы бинонты фæрæзтæ дæр фæфылдæр уыдзысты, æмæ афтæмæй фыццаг сывæллоны райгуырды рæстæг ныйийарæджы капиталы бæрц схæццæ 586,9 мин соммæ, дыккаг сывæллонæн та фиддзысты 775,6 мин сомы.

Уæ зæрдыл уын лæууын кæнæм: раздæры афæдзы инфляцийы æцæг бæрц нымайгæйæ, ивгъуыд азы 1 февралæй фæстæмæ æрвылаз ныйийарæджы капиталы бæрцыл æфтауынц. Фарон фæлхасадон æргъæтæ кæй фæфылдæр сты, уый нымайгæйæ, пособитæ æмæ компенсациты бæрцыл бафтыдтой 11,9 проценты.

Уæрæсейы Социалон фонды регионалон контакт-центр: 8-800-600-03-71 (9 сахатæй 18 сахаты онг, майрæмбоны — 9 сахатæй 16 сахаты æмæ 45 минуты онг).

Олег АПРЕЛЕВ

Коммуналон хæдзарад

Донфсисады фарста

Хигъæдæй цæугæ донæввонгады системæ нывылгонд æрцæудзæн Цæгат Ирыстоны Алагиры районы. "Донгæрæн хъуамæ арæзт æрцæуа Лæцы хъæуы, 14 километры доны хæтæлтæ сæвæргæйæ. Дон уагъд æрцæудзæн Уæллаг Фыйийагдонæй Гуысырайаг донæмбырдгæнæнмæ", — уый тыххæй фехъусын кодта цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады, артаг æмæ энергетикæйы министр ТАМАТЫ Майрæн.

Республикæйы Алагиры район нымад у, хæрзхъæд донæй фаг æфсæст кæм нæ цæуынц цæрджытæ, ахæм районыл. 2014 æмæ 2015 азты уым хъæстæ донæй фæрынчын сты бирæтæ, уымæн æмæ доны хæтæлтæ зæронд сты, цæуы сыл фæндзай азæй фылдæр.

Хигъæдæй донæввонгады системæ фадат ратдзæн æнæкъуылымпыйæ нуазыны дон цæуынæн быдыры хъæутæм, къуыппытæдзыхъхъытыл йæ фæндаг кæй уыдзæн, уымæ гæсгæ.

Нæ уацхæссæг

Газетфыссынад

"Рæстдзинад" — 2023 азы фыццаг æмбисæн

Дарддæр цæуы 2023 азы фыццаг æмбисæн газеттæ æмæ журналтæ рафыссыны кампани. Иннæ хæттытау, ныр дæр "Рæстдзинад"-ы иузæрдион кæсджытæ рафыссдзысты сæ уарзон газет.

Ног азы фыццаг æмбисы фондз мæйæн "Рæстдзинад" рафыссæн ис 915 сомы æмæ 70 капеккæй. Адæмы льготон къордтæн та — 735 сомы æмæ 55 капеккæй.

Нæ зынаргъ газеткæсджытæ, Ирыстоны истори, ирон адæмы æгъдæуттæ, ирон æвзаг, ирон фысджыты, нывгæнджыты уацмыстæ зонын уæ кæд фæнды æмæ, нæ рæзгæ фæсивæд сæ мадæлон æвзаг уарзой æмæ йæ ахуыр кæной, уымæ кæд бæллут, уæд, уæ хорзæхæй, рафыссут газет "Рæстдзинад". Æмæ æхсæз мæйы дæргъы алы хæдзармæ дæр хæсдзæн ног хабæрттæ, зонгæ уæ кæндзæн, Ирыстон æмæ Уæрæсейы царды цы ивддзинæдтæ цæуы, уыдонимæ, дзурдзæн уын нæ ивгъуыды, нæ абон æмæ нæ сомбоны тыххæй.

Алы ирон хæдзарæн дæр — газет "Рæстдзинад"!

Редакци

Дзырды фарн

Кæимæ дзурай, уый зон, цы уай, дæхи уый хон.

ТÆДИАТЫ Секъа

Боныхъæд

Республикæйы гидрометцентр куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **3 февралы,** ранæй-рæтты уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **0-5 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **0-3 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 10,04

Хурыскаст — 07,12
Хурныгуылд — 17,16

Валютæйы аргъ

Доллар — 70,15 ↓
Евро — 76,33 ↓

12+

Æмбырд

Туризммæ — фылдæр æргом

РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис цы æмбырд скодта, уым æркастысты республикæйы туризмы къабазы рæзтимæ, йæ тыхстдзинæдтимæ баст фарстатæм.

Туризмы комитеты сæрдар **Дзæрæхохты Ацæмæз** радзырдта национ проект "Туризм æмæ уазæгуарзыны индустри" куыд æнтысы, уый тыххæй. Фарон скуыста фæндаг "Цыкола-Мæцутæ-Комы-Арт", модулон фысымуæтты арæзтадæн субсидитæ радих кæныны нысантимæ сразы сты. Уымæй уæлдай, туристон инфраструктурæйы рæзтæн, хъæугæ ифтонггæрзтæ балхæнынæн, электронон уæлæмхасæн æфтуан, туристон-информацион центр саразынæн радих кодтой гранттæ.

Фарон дыууæ федералон туроператоры Цæгат Ирыстонмæ пакетон туртæ уæй кæнын райдыдтой, Мæскуыйæ Дзæуджыхъæумæ чартерон рейстæ фæзынд. "РЖД Тур"-имæ бафыстой разыйы гæххæтт, уыдон Цæгат Ирыстон бахастой "Кавказы дзындз"-ы маршрутмæ. Хъуамæ 2023 азы майæ республикæ суа ацы туристон продукты хай. Къуыримæ нæм цæудзæн 200-250 туристы.

Туроператор "Мамысон Тревел"-имæ бакуыстой национ туристон маршрут "Ирыстон нæм фæхæстæгдæр ис"-ыл. Уый дæр у федералон национ туристон маршрут. Цæмæй лæггæдтæ туристтæм æххæстæй хæццæ кæной, уый тыххæй комитет экскурситæ арасджыты, гидтæлмацгæнджыты нормæтыл бакуыста, æнæмæнг, аттестаци сын кæй хъæуы, уый сбæлвырд кодта. Фарон, декабры кæрон, аттестаци скодтой 15 гид-экскурситæ арасджытæн.

Дзанайты Барис куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй абон Цæгат Ирыстон туристтæн зæрдæмæдзæугæ бынат у. "Фарон нæм æрбацыд 1,5 милуан адæймаджы, ацы азы январы хуыцаубонты та — 60 мин туристы Уæрæсейы алы регионтæй. Хъуамæ туристон къабаз рæза, уый нæ ахсджиаг хæс у. Ног фæндæгтæ аразæм, дæрддзæф бынæтты инфраструктурæйы рæзтыл кусæм. Хъуамæ уырдæм амалхъомтæ се 'ргом аздахой, аразой фысымуæттæ, нырыккон авналæнтæ. Афтæмæй, туристон продукт рæздзæн", — загъта Хицауады Сæрдар.

Уый комитеты размæ сæвæрдта, 2023 азы куысты пълан, бæлвырд нысантимæ, бæрæггæнæнтимæ æрбадæттыны хæс. Уымæй уæлдай, комитет Уæрæсейы Экономикон рæзты министрадимæ хъуамæ æмгуыст кæна, туристон къабазы æппæт программæты архайа. Республикæйы Экономикон рæзты министрад муниципалитеттимæ иумæ къабазмæ инвестицитæ æрбафтыныл кусой. Цыдæриддæр къабазæн специалисттæ бахъæудзæн, уыдоны тыххæй та дзурын хъæуы Ахуырад æмæ наукæйы, Адæмæн куысты бынæттæ дæттыны ведомствæтимæ.

Дзæрæхохты Ацæмæз ма фæбæрæг кодта республикæйы ног туристон кластер саразыны мастерпълан. Ныртæккæ йæ цæттæ кæны "Кавказ.РФ"-йы специалисттæ. Æрæмбырд уал кодтой иртæстгонд фæзуæтты бæрæггæнæнтæ.

РЦИ-Аланийы Сæргъæуæджы æмæ Хицауады пресс-службæ

Проект

Райста президентон грант

Телевизион историон-патриотон ахуырадон проектæн Цæгат Ирыстоны лæвæрд æрцыд президентон грант. Йæ бæрц у 2,8 милуан сомæй фылдæр. Уый тыххæй ТАССæн фехъусын кодта проект саразæг, клуб "Альбус"-ы президент Жаннæ БОРИЕВА.

"Телевизион историон-патриотон ахуырадон проект "Зон нæхиуæтты" арæзт у ахæм мадзæлттæй, кæцыты иу кæны иу нысан — наукæ æмæ техникæйы, æфсæддон, сабырдзинады хъуыддаджы, культурæ æмæ аивады, спорты, космонавтикæйы, медицинæйы уæрæсейаг адæмы стыр æнтыстдзинæдты тыххæй раст информаци радтын. Проекты мидис — фæсивæды патриотон зондахастыл,

Райгуырæн бæстæмæ уарзондзинадыл хъомыл кæнын, цæмæй сæрыстыр уой сæ бæстæйæ, фæсивæд тырной нæ паддзахады истори ахуыр кæнынмæ, — загъта Жаннæ Бориева.

Йæ ныхасмæ гæсгæ, гранты бæрц уыд 2,8 милуан сомæй фылдæр. Проекты фæлгæты ацæудзысты тематикон лекцитæ алыхуызон къабæзты зындгонд специалисттимæ.

Проекты архайдзысты 2,5 мин адæймаджы.

("ТАСС")

Тæфæрфæс

Икъаты С.С.

2023 азы 1 февралы цардæй ахицæн РЦИ-Аланийы социалон хъахъхъæнынады министры хæдивæг Икъаты Саррæ Сергейы чызг.

Уый райгуырд 1935 азы Орджоникидзейы горæты. Финансон техникум 1964 азы каст фæуыны фæстæ йæ ахуыр адарддæр кодта Мæскуыйаг æппæтцæдисон юридикон институты. Каст æй фæцис 1969 азы. Йæ фæллойадон архайд райдыдта 1955 азы Социалон ифтонгады министрады, 44 азы фæкуыста алыхуызон бынæтты. Инспектор, хистæр бухгалтер, Фиддонтæ дæттыны центры хицауы хæдивæг, пенсион хайады разамонæг, 30 азы та уыд министры хæдивæг.

Æппæт уыцы бынæтты Икъаты Саррæ йæхи равдыста бæрнон разамонæг æмæ куыст иттæг хорз аразæгæй. Йæхицæй уыд домаг, йæ дæлбар чи уыд, уыдонæй дæр агуырдта бæстон архайд. Ахæм ахаст æй бауагъта куысты раззагдæр хуызтæй спайда кæнын, пенситæ æмæ пособитæ фидыны хъуыддæгтæ банывыл кæнын. Министрады æмæ районты социалон ифтонгады æрыгон специалисттæ ахуыр кодта æппæт ногдзинæдтыл, закъæтты авналæнтыл.

Икъаты Саррæ бæрæг дардта йæ куыстхъомдзинадæй, хъуыддагмæ бæрнон ахастæй, дæснымдзинадæй, æмæ-иу йæ къухы æнтыстытæ бафтыд. Пенсиисджыты куырдиæттæм уыд къæрцхъус, социалон æгъдауæй хъахъхъæнын кæй хъуыд, уыдонмæ стыр æргом здæхта.

Йæ фæллæйтты тыххæй Икъаты Саррæ райста хæрзиуджытæ: "Фæллойадон æнтыстыты", "Фæллойы ветераны", "Фыдыбæстæйы Стыр хæсты Уæлахизы 50 азы" майдантæ, "Уæрæсейы Федерацийы социалон хъахъхъæнынады сгуыхт кусæг"-ы ном, "Уæрæсейы социалон ифтонгады иттæг хорз кусæг"-ы нысан, министрады Кады гæххæттытæ.

Икъаты Саррæ Сергейы чызг кусджыты 'хсæн нымад уыд, пенсиисджытæ йын кад кодтой. Уыдис ын фæлмæн зæрдæ, йæ уды хъарм æнæвгъауæй лæвар кодта, йæ алфамбылай чи уыд, уыдонæн. Ахæмæй баззайдзæн, чи йæ зыдта, йемæ чи куыста, уыдоны зæрдæты.

РЦИ-Аланийы Фæллой æмæ социалон рæзты министрады кусджытæ

Аудынад

Цæрæнуæттæ — сидзæртæн

РЦИ-Аланийы Хицауады æркастысты сидзæр сывæллæтты цæрæнуæттæй сифтонг кæныны фарстатæм. Цæгат Ирыстоны 2022 азы, æнæ ныййарджытæй чи баззад, ахæм сидзæр сывæллæттæн паддзахадон æххуысты бындурыл амалгонд æрцыд 77 цæрæнуаты. Ахæм бæрæггæнæнтæ фехъусын кодтой нæ республикæйы Хицауады æмбырды.

Мадзал амыдта Хицауады Сæрдары хæдивæг **Тугъаныты Ларисæ**. Æмбырды архайдтой министрадтæ æмæ ведомствæты минæвæрттæ. Ивгъуыд аз, сидзæр сывæллæттæн цæрæнуæттæ дæттыны куыст куыд ацыд, уый фæдыл радзырдта РЦИ-Аланийы фæллой æмæ социалон рæзты министры хæдивæг **Маматы Анджелæ**. Йæ ныхæстæм гæсгæ, цæрæнуæттæ балхæныны фарстайæн республикæйы бюджетæй дихгонд æрцыд 168 милуан сомы æхца. Республикæ æнæхъæнæй дæр нысангонд субсидитæй спайда кодта.

— Абоны онг адæмы социалон хъахъхъæнынады управлениты архайдæй æххæстгонд цæуынц æппæт юридикон мадзæлттæ дæр, цæрæнуæттæ закъоны бындурыл сфидар кæныны æмæ бадзырдтæ бафыссыны хъуыддæгтæ. 2023 азы 25 январы онг уал уæлдæр амынд къорды граждæнтимæ бадзырдтæ арæзт æрцыд, — загъта Маматы Анджелæ.

САУТÆТЫ Тамилæ

Æрæнстæг

Куыстытæ цæуынц дарддæр

Дзæуджыхъæуы дарддæр рацарæзты куыст цæуы стадион "Спартакы". Уый тыххæй хъусын кæны Цæгат Ирыстоны Арæзтад æмæ архитектурæйы министрады пресс-службæ

Специалисттæ рахызтысты арæзтады дыккаг къæпхæнмæ. Абон объекты кусынц 140 адæймаджы. Куыстытæ цæуынц дыууæ радæй. Арасджытæ 70 процентæй сæххæст кодтой монолитон конструкциты куыстытæ скæсæйнаг трибунæйы. Ныгуылæйнаг трибунæйы дыккаг æмæ æртыккаг секторы уыцы куыстытæ ныр ма сты сæ тæккæ тæмæны. Уымæй уæлдай, монолитон куыстытæ фесты дыууæ цæстдарæн-уадзæн пунктæй иуы.

Дыккаг цæстдарæн-уадзæн пункты дæр 60 процентæй сæххæст кодтой сæ куыстытæ, — дзырдæуы уагдоны хъусынгæнинаджы.

Цæгат Ирыстоны раздæры Сæргъæуæг **Битарты Вячеслав** стадион рацаразыны куыстыты фарста иу æмæ дыууæ хатты не 'вæрдта бæстæйы разамынды раз. 2018 азы июны йын уыд кусæг фембæлд УФ-йы Хицауады раздæры Сæрдар **Дмитрий Медведевимæ**. Уæд баныхас кодтой, цæмæй сын федералон центр финансон æхсæнадæсæ бакæна.

АБАЙТЫ Эдуард

Ахуырад

Æфсæддон центр — институты

Цæгат Кавказы хæххон-металлургон институты бындурыл кæй байгом кæндзысты, уыцы ног æфсæддон ахуырадон центрæн радих кодтой 36 бынаты бæрц квотæ.

Студентты ахуыр кæндзысты мæнæ ахæм хъæугæ инженерон къабæзтæм гæсгæ: "Сæрмагонд радиотехникон системæтæ", "Артиллерион хæцæнгарз", "Æхсæн-сармадзанон, артиллерион æмæ ракетон хæцæнгарз".

"Ахуыргæнæндоны студентты æвзардзыстæм хъæугæдæр æфсæддон-хыгъдон дæсныйæдтæм гæсгæ запасы сержанттæ æмæ салдæтты æфсæддон цæттæкæнынады программæтæм гæсгæ ахуыр кæнынæн. Æфсæддон хъуыддагæн ахуыр кæнынæн рахай кодтой æртын æхсæз бынаты бæрц квотæ", фыст ис уæлдæр скъолайы ректор **Игорь Алексеевимæ** æмæ студенттимæ Цæгат Ирыстоны Сæргъæуæг **Сергей Меняйлойы** фембæлды бæрæггæнæнтæм гæсгæ республикæйы Сæргъæуæджы æмæ Хицауады пресс-службæйы хъусынгæнинаджы.

Æфсæддон-ахуырадон центр байгом кæндзысты ацы азы уалдзæджы. Фарон Уæрæсейы Хъахъхъæнынады министрады, Цæгат Ирыстоны Хицауады, Цæгат Кавказы хæххон-металлургон институт æмæ Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты минæвæрттæ сæ къухтæ æрæвæрдтой æфсæддон ахуырадон центр байгом кæныны тыххæй бадзырды.

Олег АПРЕЛЕВ

Юбилей

Фарныхъæуккаг лæппуйы аивадон хъысмæт

Зындгонд хореограф Уарзиаты Хадзысмелы райгуырдыл æххæст кæны 85 азы

Уарзиаты Хадзысмелы Ирыстоны цæрджытæн, уæлдайдæр ирон аивад уарзджытæн нæ хъæуы амонын, кæд не 'хсæн къорд азы нал ис, уæддæр. Йæ хæрзконд, рог уæнгты змæлд абон дæр ма бирæтæ хъуыды кæнынц. Ирон адæмы кафты культурæйы зындгонд дæсны, балетмейстеры классикон хореографийы ахуырад Ирыстоны фыццаг чи райста, уый.

Æрдзæй læвæрд курдиатæй айгæрста уæрæх фæндаг царды. Йæ зæрдæ никуы сивта ирон кафтыл. Цæгат Ирыстоны паддзахадон кафты ансамбл "Алан" аивадон бæрзæндтæм схызт æмæ стырдæр хæрзиуджытæ райста, Хадзысмел йæ сæргъæуæг куы уыдис, уæд. Йе 'рмдзæф фæзынд ансамблтæ "Нарт" æмæ "Кафт"-ыл, бæхты театр "Нарт"-ыл дæр. Фынддæс азы (1971 азæй — 1986 азмæ) уыд Адыгейы адæмон кæфтыты паддзахадон ансамбл "Нальмэс"-ы аивадон разамонæг.

Фестивалтæ, равдыстытæ, конкурстæ, æнтыстытæ, хорзæхтæ.... Йæ æвæрд кæфтыты руаджы се 'ппæт дæр зындгонд уыдысты канд Уæрæсейы нæ, фæлæ фæсарæнты дæр.

Ирон адæмон кафты ирддæр стъалы райгуырд 1938 азы 3 февралы Фарныхъæуы. Йæ мадæн уыди иунæг хъæбул. Йæ фыд хæрз æрыгонæй фæмард хæсты райдайæны æмæ йæ йæ мад схаста иунæгæй.

Хадзысмел йæхæдæг куыд дзырдта, афтæмæй йыл 5-6 азы бæрц куы цыд, уæдæй, ирон фæндыры зæлтæ фехъусгæйæ, йе уæнгтæ сæхæдæг змæлыдысты. Хъæуы-иу чындзæхсæв уа, куывд — йæ бон уыди уыцы кары дæр ракафын. Адæм-иу ыл сæ цæст æрæвæрдтой. Скъоламæ куы бацыд, уæд фыццаг къласæй фæстæмæ цыд кафджыты къордмæ. Кафын сын амыдта Хадыхъаты Керым, Хадзысмел æй нымадта йæ фыццаг ахуыргæнæгыл. Уый фæстæ та бацыдис "БМК"-йы клубмæ æмæ цасдæр ахуыр кодта Уæрæсейы номдзыд балетмейстер Бирæгъты Алыксандрмæ (адæм йæ зонынц Зауырбегæй).

Дæсæм къласы ахуыргæнгæйæ, Хадзысмел сфæнд кодта йæ цард кафтимæ сбæттын. Йæ бæллиц йæ мадæн загъта — бацæуын кафты æмæ зарды паддзахадон ансамблмæ, æмæ йын йæ фæнды ныхмæ уый дæр ницыуал загъта. Ныфс дæр дзы уыд, кæй йæ айсдзысты, уымæй. Уымæн æмæ, уыцы рæстæгмæ уыдис республикæйы цалдæр конкурсы лауреат æмæ дипломант.

Уæды ансамблы аивадон разамонæг Гуырдзыбеты Георги æмæ сæйраг балетмейстер Сопойты Батырбег æрыгон Хадзысмелы арæхстдзинадмæ куы бакастысты, уæд æй райстой кафæгæй. Цæмæй ансамблы программæйы архайа, уый тыххæй йæ бахъуыд цалдæр мæйы йæхиуыл бакусын. Уалынмæ Дигорамæ аластой концерт, Хадзысмел дзы фыццаг хатт рахызт профессионалон сценæмæ. Уый фæстæ Гуырдзыбеты Георги зæгъдзæн, ацы фарныхъæуккаг лæппуйæн уыдзæн цымыдисаг сфæлдыстадон хъысмæт, зæгъгæ. Æмæ, æцæгæйдæр, афтæ рауад!

Аивадыл иузæрдион адæймагæн кæддæриддæр йæ къухы бафты æнтыстдзинæдтæ, хайджын дзы уыд Хадзысмел дæр. Ирдæй сбæрæг кафæджы æмæ балетмейстеры курдиат. Йæхи æрхъуыдыгонд кæфтытæ систы ирон хореографийы фидауц, фæхъæздыг ын кодтой йæ æвидигæ къæбиц.

Йæ мысинæгты Хадзысмел дзырдта, зæгъгæ, кафын рагæй уарзтон, фæлæ кæфтытæ æвæрдзынæн, ууыл никуы хъуыды кодтон. 1962 азы афтæ рауад, æмæ



паддзахадон ансамбл хъуамæ архайдтаид Æппæтцæдисон конкурсы, равдисын дзы хъуыдис ног æвæрд кафт. Æмæ "райгуырд" хореографион композици "Ныхмæлæуджытæ". Архайдтой дзы Уарзиаты Хадзысмел, Гониаты Зойæ æмæ Чихтисты Гамид. Систы конкурсы дипломантæ. Йæ фыццаг куыст афтæ æнтыстджын куы рауад, (стæй иугæр йæ цард кафтæн снывонд кодта), уæд Хадзысмел сфæнд кодта райсын сæрмагонд ахуырад, æмæ 1964 азы фæлварæнтæ радта Мæскуыйы А.В. Луначарскийы номыл театралон аивæдты институтмæ балетмейстерты хайадмæ. Ахуыргæнгæйæ дæр Хадзысмел ансамблимæ бастдзинæдтæ нæ хæлдта.

1967 азы Ленинграды уыдысты Цæгат Ирыстоны Культурæйы бонтæ, сæрмагондæй йæм сæвæрдта хореографион композици "Мад" — Хъалæгаты фондз æфсымæрыл æмæ бæрæгбон байгом ацы кафтæй. Уый фæстæ уыди IX Æппæтдунеон фестивал горæт Софийы. Уæдмæ паддзахадон ансамбл ногæй рацарæзтой, æмæ ма дзы баззад æрмæст 8 кафæг къайы. Ацы къордимæ Мæскуыйы конкурсы æртæ туры ацыдысты æмæ сæ арвыстой фестивалмæ. Хадзысмел сæрмагондæй Байаты Альбинæ æмæ Хаситы Аликæн сæвæрдта "Уæздан кафт", стæй "Симд" дæр. Ацы дыууæ кафты акæнгæйæ, къорд Ирыстонмæ сыздæхт æртæ сыгъзæрин майданимæ: Альбинæ æмæ Аличы "Уæздан кафт" хорзæхджын æрцыд дыууæ, "Симд" та — иу майданæй.

Фæстæдæр, адæмон кафты паддзахадон ансамбл "Алан"- ы (номæвæрæг дæр уыди йæхæдæг) аивадон разамонæг ссис, кодта сæйраг балетмейстеры куыст дæр. Йæ размæ сæвæрдта хæс — ирон адæмон кæфтытæ сног кæнын æмæ сæ арæхстджынæй парахат кæнын. Æртæ мæйы бæрц, æхсæвбон нæ хынцгæйæ, куыста æмæ райгуырдысты ахæм кæфтытæ æмæ хореографион композицитæ, куыд "Сой", "Симд", "Джук Тур", "Фыййæутты хъæзтытæ"..

Æнцой нæ зыдта Хадзысмел, цыма йæ æмбæрста, йæ нысæнттæ, бæллицтæ йын кæронмæ сæххæст кæнын кæй нæ бантысдзæн... Зæрдæргъæвдæй архайдта хъæздыг æмæ цымыдисаг аивадон бынтæ ныууадзыныл. Йæ фæстаг "Хонгæ" кафтыл та куыста рынчындоны.

Læджы куыстæн йæ ахуыргæнæгæй æнæхиндæр аргъ ничи скæндзæн. Уарзиаты Хадзысмелы ахуыргæнджытæй иу, Советон Цæдисы адæмон артист, номдзыд балетмейстер Ростислав Захаров 1975 азы йæ чиныг "Записки балетмейстера"-йы йæ ахуыргæнинаджы тыххæй афтæ фыста: "Возникшие в советское время ансамбли народного танца и их создатели - балетмейстеры И.Моисеев, С. Сухишвили, Н. Рамишвили и Х. Варзиев прославились не только у себя на родине, но и во всем мире. Собранный и обработанный ими драгоценный материал стал, благодаря их неустанному труду и таланту, достоянием всех народов СССР и многих зарубежных стран..."

Бирæ зындгонд ансамблтæ йæ хуыдтой сæхимæ кусынмæ, уымæн æмæ зыдтой, профессионалон æгъдауæй сын æрмæст Хадзысмел кæй бахъуыс кæндзæн, æрмæст сæ уый кæй рахондзæн ног, бæрзонддæр æмвæзадмæ.

Фæлæ Хадзысмел равзæрста йæхи фæндаг æмæ йæ цард снывонд кодта йæ адæмы кæфтыты аивадæн. Нæ баззад нæдæр Мæскуыйы кæйдæрты хуызæн, йæ зæрдæ нæ сивта Ирыстоныл.

Хадзысмел йæ цардæй куы ахицæн, уæд нæ республикæйы газеттæй иуы фыстой: "Уарзиаты Хадзысмел у, бирæ рæстæг ма йæ бынтæ æргом кæнын æмæ иртасын кæмæн бахъæудзæн, ахæм зынгæ æмæ бирæвæрсыг сфæлдыстадон курдиаты хицау ирон кафты аивады. Йæ æвæрæнты къухфыстыты баззадысты, цæрæнбонты кæуыл фæкуыста, уыцы кæфтыты фæдыл хъуыдытæ, йæ цæстæнгас, йæ хатдзæгтæ, цы ногдзинæдтæ ма йæ фæндыд бахæссын æмæ саразын, уыдон".

ЦАРАХАТЫ Индирæ,
Адæмон сфæлдыстады республикон хæдзары специалист

Программа телепередач с 6 по 12 февраля

6 Понедельник

ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 12+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 АнтиФейк 16+
09.55 Жить здорово! 16+
10.45, 12.15, 15.15, 16.50, 18.20 Информационный канал 16+
16.00 Мужское / Женское 16+
18.00 Вечерние новости
21.00 Время
21.45 Т/с "Пробуждение" 16+
22.45 Большая игра 16+
23.45, 03.05 Подкаст.Лаб 16+

РОССИЯ 1
05.00, 09.30 Утро России 12+
09.00, 14.30, 21.05 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
11.00, 14.00, 16.00, 20.00 Вести
11.30, 17.30 60 минут 12+
14.55 Кто против? 12+
16.30 Малахов 16+
21.20 Т/с "Склифосовский. Юбилейный сезон" 16+
23.25, 00.55 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+
00.10 Х/ф "Гиена Европы" 16+
02.30 Т/с "Каменская" 12+

ГТРК "АЛАНИЯ"
"Алания" канал "Россия 1"
05.07; 05.35; 07.07; 07.35 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.07; 06.35; 08.07; 08.35 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.00 Местное время. Вести-Ирыстон
09.35 Аланийы райсом
09.55 Канал "Россия 1"
14.30 Местное время. Вести-Алания
21.05 Местное время. Вести-Алания
"Алания" канал "Россия 24"
15.00 Россия 24. Местное время
15.30 Канал "Россия 24"
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал "Россия 24"

НТВ
04.50 Т/с "Демоны" 16+
06.30 Утро. Самое лучшее 16+
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35 Сегодня
08.25, 10.35 Т/с "Медвежий угол" 16+
13.25 Чрезвычайное происшествие 16+
14.00 Место встречи 16+
16.45 За гранью 16+
17.50 ДНК 16+
20.00 Т/с "Чужая стая. Невидимый враг" 16+
22.00, 00.00 Т/с "Душегубы" 16+
00.25 Т/с "Невский" 16+

ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.00, 09.00, 13.00, 17.30 Известия 16+
05.25, 06.00, 06.55, 07.55 Т/с "Непокорная" 12+
08.55 Знание-сила 0+
09.30, 10.20, 11.15, 12.10 Т/с "Телохранитель" 16+
13.30, 14.25, 15.25, 16.25, 17.20, 18.00, 18.55 Т/с "Глухарь. Возвращение" 16+
19.50, 20.40, 21.30, 00.30, 01.20, 01.55, 02.30 Т/с "След" 16+
22.25 Т/с "Великолепная пятерка-5" 16+
23.10 Т/с "Великолепная пятерка-3" 16+
00.00 Известия. Итоговый выпуск 16+

КУЛЬТУРА
06.30, 07.00, 07.30, 10.00, 15.00, 19.30 Новости культуры 16+
06.35 Пешком... 16+
07.05 Невский ковчег. Теория невозможного 16+
07.40 Д/ф "Дуэлянтки" 16+
08.25 Жизнь и судьба 16+
08.50, 16.30 Х/ф "Семья Зацепиных" 16+
10.15 Наблюдатель 16+
11.10, 00.00 XX Век. "Творческий вечер Николая Сличенко" 16+
12.20 Цвет времени 16+
12.30, 22.10 Х/ф "Жизнь Верди" 16+
14.05 Линия жизни 16+
15.05 Новости. Подробно. Арт 16+
15.20 Агора. Ток-шоу с Михаилом Швыдким 16+
17.40 Шедевры симфонической музыки. П.И.Чайковский. Симфония №5 16+
18.35, 01.10 Д/ф "Секреты древних мегаполисов. Александрия" 16+
19.45 Главная роль 16+
20.05 Правила жизни 16+
20.30 Спокойной ночи, малыши!
20.45 Д/ф "Поднебесная Иакинфа Бичурина" 16+
21.25 Вспоминая Эдуарда Артемьева. 16+

МАТЧ-ТВ
06.00 Бокс. Bare Knuckle FC. Джоуи Бельтран против Фрэнка Тейта. Трансляция из США 16+
07.00, 10.00, 12.55, 14.20, 15.25, 16.50, 19.50, 22.45 Новости
07.05, 19.00, 22.00 Все на Матч! 12+
10.05, 13.00, 04.30 Специальный репортаж 12+
10.25 Профессиональный бокс. Денис Лебедев против Виктора Рамиреса. Трансляция из Москвы 16+
11.30 Есть тема! 12+
13.20 География спорта. ОАЭ 12+
13.50 Что по спорту? Кемерово 12+
14.25 Мировой футбол. Обзор 0+
15.30, 04.50 Громко 12+
16.55 Футбол. "Winline Зимний кубок РПЛ". "Сочи"-"Ростов" (Ростов-на-Дону). Прямая трансляция из ОАЭ
19.55 Футбол. "Winline Зимний кубок РПЛ". "Краснодар"-"Спартак" (Москва). Прямая трансляция из ОАЭ
22.50 Смешанные единоборства. UFC. Фрэнсис Нганну. Лучшее 16+
23.55 Конный спорт. "Dubai World Cup Carnival". Трансляция из ОАЭ 0+
00.50 Баскетбол. Единая лига ВТБ. ЦСКА-"Зенит" (Санкт-Петербург) 0+
02.50 Новости 0+

ТВЦ
06.00 Настроение 12+
08.00 Д/с "Большое кино" 12+
08.35 Т/с "Чужие грехи" 12+
10.45, 18.10, 00.30, 04.25 Петровка, 38 16+
10.55 Городское собрание 12+
11.30, 14.30, 17.50, 22.00 События
11.50, 02.50 Т/с "Напарницы" 16+
13.40, 05.20 Мой герой 12+
14.50 Город новостей 16+
15.10 Т/с "Свои" 16+
16.55 Д/ф "90-е. Криминальные жены" 16+
18.20 Х/ф "10 стрел для одной" 12+
22.40 Специальный репортаж 16+
23.10 Знак качества 16+
00.00 События. 25-й час
00.45 Д/ф "Тайная комната. Семейка Бушей" 16+
01.25 Д/ф "Чужой" 16+

ДОМАШНИЙ
06.30, 05.55 По делам несовершеннолетних 16+
08.20 Давай разведемся! 16+
09.20 Тест на отцовство 16+
11.30 Д/с "Понять. Простить" 16+
12.35, 23.35 Д/с "Порча" 16+
13.05, 00.10 Д/с "Знахарка" 16+
13.40 Д/с "Голоса ушедших душ" 16+
14.15, 23.00 Д/с "Голоса ушедших душ" 16+
14.50 Х/ф "И расцвел подсолнух..." 16+
19.00 По тонкому льду 16+
01.10 Х/ф "Пять лет спустя" 16+

РЕН-ТВ
05.00, 18.00, 02.10 Самые шокирующие гипотезы 16+
06.00 С бодрым утром! 16+
08.30, 12.30, 16.30, 19.30, 23.00 Новости 16+
09.00 Военная тайна 16+
11.00 Как устроен мир 16+
12.00, 16.00, 19.00 112 16+
13.00 Загадки человечества 16+
14.00 Невероятно интересные истории 16+
15.00 Засекреченные списки 16+
17.00, 03.00 Тайны Чапман 16+
20.00 Х/ф "Послезавтра" 12+
22.20 Водить по-русски 16+
23.30 Документальный спецпроект 16+
00.30 Х/ф "Ведьмина гора" 12+

СТС
06.00, 05.50 Ералаш 0+
07.00 М/с "Лунтик" 0+
07.45, 19.00, 19.25 Т/с "Ивановы-Ивановы" 12+
19.50 Х/ф "Люди ИКС. Первый класс" 16+
22.30 Х/ф "Джек Ричер" 16+
01.05 Кино в деталях 18+
02.00 Даешь молодежь! 16+
04.00 6 кадров 16+

ТНТ
07.00, 07.40, 08.30, 06.40 Однажды в России. Спецдайджест 16+
09.00, 09.30, 10.00, 10.30, 11.00, 11.30, 12.00, 12.30 Т/с "Реальные пацаны" 16+
13.00, 13.30, 14.00, 14.30, 15.00, 15.30, 16.00 Т/с "СашаТаня" 16+
16.30, 17.00, 17.30, 18.00 Т/с "Патриот" 16+
18.35, 19.00, 19.20, 19.40, 20.00, 20.20, 20.40 Т/с "Ресторан по понятиям" 16+
21.00, 21.30 Т/с "Просто Михалыч" 16+
22.00 Т/с "Домашний арест" 16+
23.00 Х/ф "Матрица" 16+
02.00, 02.45 Импровизация 16+
03.30, 04.20 Comedy Баттл 16+
05.05, 05.55 Открытый микрофон 16+

7 Вторник

ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 12+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 АнтиФейк 16+
09.55 Жить здорово! 16+
10.45, 12.15, 15.15, 16.50, 18.20 Информационный канал 16+
16.00 Мужское / Женское 16+
18.00 Вечерние новости
21.00 Время
21.45 Т/с "Пробуждение" 16+
22.45 Большая игра 16+
23.45, 03.05 Подкаст.Лаб 16+

РОССИЯ 1
05.00, 09.30 Утро России 12+
09.00, 14.30, 21.05 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
11.00, 14.00, 16.00, 20.00 Вести
11.30, 17.30 60 минут 12+
14.55 Кто против? 12+
16.30 Малахов 16+
21.20 Т/с "Склифосовский. Юбилейный сезон" 16+
23.25 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+
02.05 Т/с "Каменская" 12+
03.50 Т/с "Личное дело" 12+

ГТРК "АЛАНИЯ"
"Алания" канал "Россия 1"
05.07; 05.35; 07.07; 07.35 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.07; 06.35; 08.07; 08.35 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.00 Местное время. Вести-Ирыстон
09.35 Аланийы райсом
09.55 Канал "Россия 1"
14.30 Местное время. Вести-Алания
21.05 Местное время. Вести-Алания
"Алания" канал "Россия 24"
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал "Россия 24"

НТВ
04.55 Т/с "Оперетта капитана Крутова" 16+
06.30 Утро. Самое лучшее 16+
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35 Сегодня
08.25, 10.35 Т/с "Медвежий угол" 16+
13.25 Чрезвычайное происшествие 16+
14.00 Место встречи 16+
16.45 За гранью 16+
17.50 ДНК 16+
20.00 Т/с "Чужая стая. Невидимый враг" 16+
22.00, 00.00 Т/с "Душегубы" 16+
00.25 Т/с "Невский" 16+

ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.00, 09.00, 13.00, 17.30 Известия 16+
05.25, 06.15, 07.00, 07.55 Т/с "Холостяк" 16+
08.55 Знание-сила 0+
09.30, 10.25, 11.20, 12.15, 13.30, 13.40, 14.40, 15.40, 16.35, 18.00, 18.10, 19.05 Т/с "Глухарь. Возвращение" 16+
20.00, 20.45, 21.30, 00.30, 01.15, 01.55, 02.30 Т/с "След" 16+
22.25 Т/с "Великолепная пятерка-5" 16+
23.10 Т/с "Великолепная пятерка-3" 16+
00.00 Известия. Итоговый выпуск 16+
03.05, 04.00 Т/с "Прокурорская проверка" 16+

КУЛЬТУРА
06.30, 07.00, 10.00, 15.00, 19.30, 23.40 Новости культуры 16+
06.35 Пешком... 16+
07.05 Легенды мирового кино 16+
07.30 Д/ф "Секреты древних мегаполисов. Афины" 16+
08.25 Жизнь и судьба 16+
08.50, 16.35 Х/ф "Единственный мужчина" 12+
10.15 Наблюдатель 16+
11.10, 00.00 XX Век. "Путь к роли. Игорь Костолевский, Николай Караченцов" 16+
12.20, 02.50 Цвет времени 16+
12.30, 22.10 Х/ф "Жизнь Верди" 16+
14.00 Д/ф "Первые в мире". "Летающая лодка Григоровича" 16+
14.20 Иностранное дело 16+
15.05 Новости. Подробно. Книги 16+
15.20 Передвижники. Илья Репин 16+
15.50 Сати. Нескучная классика... 16+
17.45, 02.05 Шедевры симфонической музыки. Д.Шостакович. Симфония №5 16+
18.35, 01.10 Д/ф "Секреты древних мегаполисов. Афины" 16+
19.45 Главная роль 16+
20.05 Правила жизни 16+
20.30 Спокойной ночи, малыши!
20.45 Искусственный отбор 16+
21.25 Белая студия 16+

МАТЧ-ТВ
06.00 Есть тема! 16+
07.00, 10.00, 12.55, 14.20 Новости
07.05, 14.25, 21.45, 00.00 Все на Матч! 12+
10.05, 13.00 Специальный репортаж 12+
10.25 Профессиональный бокс. Дмитрий Кудряшов против Оланреваджу Дуродолы. Трансляция из Казани 16+
11.30 Есть тема! 12+
13.20 Здоровый образ. Регби 12+
13.50 Что по спорту? Новосибирск 12+
16.25 Ты в бане! 12+
16.55 Хоккей. Фонбет Чемпионат КХЛ. "Салават Юлаев" (Уфа)-ЦСКА. Прямая трансляция
19.15 Хоккей. Фонбет Чемпионат КХЛ. "Нефтехимик" (Нижнекамск)-"Ак Барс" (Казань). Прямая трансляция
21.55 Футбол. Клубный чемпионат мира. 1/2 финала. Матч с участием "Фламенго" (Бразилия). Прямая трансляция из Марокко
00.50 Баскетбол. Единая лига ВТБ. МБА (Москва)-УНИКС (Казань) 0+
02.50 Новости 0+
02.55 Легенды бокса с Владимиром Познером 16+

ТВЦ
06.00 Настроение 12+
08.00 Доктор И... 16+
08.35 Т/с "Чужие грехи" 12+
10.40, 04.40 Д/ф "Александра Завьялова. Затворница" 12+
11.30, 14.30, 17.50, 22.00 События
11.50, 02.55 Т/с "Напарницы" 16+
13.40, 05.20 Мой герой 12+
14.50 Город новостей 16+
15.10 Т/с "Свои" 16+
16.55 Д/ф "90-е. Квартирный вопрос" 16+
18.05 Х/ф "Ныряльщица за жемчугом" 12+
22.40 Закон и порядок 16+
23.10 Д/ф "Георгий Данелия. Любовный марафон" 16+
00.00 События. 25-й час
00.30, 04.30 Петровка, 38 16+
00.45 Д/ф "90-е. Во всем виноват Чубайс!" 16+
01.25 Знак качества 16+
02.05 Д/ф "Выстрел в антракте" 12+

ДОМАШНИЙ
06.30, 04.40 По делам несовершеннолетних 16+
07.45 Давай разведемся! 16+
08.45 Тест на отцовство 16+
10.55 Д/с "Понять. Простить" 16+
12.00, 23.35 Д/с "Порча" 16+
12.30, 00.10 Д/с "Знахарка" 16+
13.05, 00.40 Д/с "Верну любимого" 16+
13.40, 23.00 Д/с "Голоса ушедших душ" 16+
14.15 Скажи, подруга 16+
14.30 Х/ф "Вышел ежик из тумана..." 16+
19.00 Х/ф "Случайный брак" 16+
01.10 Х/ф "Меня зовут Саша" 16+
04.20 6 кадров 16+

РЕН-ТВ
05.00, 18.00, 02.25 Самые шокирующие гипотезы 16+
06.00 С бодрым утром! 16+
08.30, 12.30, 16.30, 19.30, 23.00 Новости 16+
09.00 Военная тайна 16+
10.00 Совбез 16+
11.00 Как устроен мир 16+
12.00, 16.00, 19.00 112 16+
13.00 Загадки человечества 16+
14.00 Невероятно интересные истории 16+
15.00 Засекреченные списки 16+
17.00, 03.10 Тайны Чапман 16+
20.00 Х/ф "Джуманджи: Зов джунглей" 16+
22.10 Водить по-русски 16+
23.30 Знаете ли вы, что? 16+
00.30 Х/ф "Новая эра Z" 16+

СТС
06.00, 05.50 Ералаш 0+
07.00 М/с "Лунтик" 0+
08.00, 18.30, 19.00, 19.30 Т/с "Ивановы-Ивановы" 12+
09.00 100 мест, где поесть 16+
09.00 Уральские пельмени. Смехbook 16+
10.20 Т/с "Воронины" 16+
11.55 М/ф "Стражи Терракоты" 12+
14.00 Т/с "Тетя Марта" 16+
20.00 Х/ф "Люди ИКС. Дни минувшего будущего" 16+
22.40 Х/ф "Джек Ричер-2. Никогда не возвращайся" 16+
01.00 Х/ф "Живое" 18+
02.40 Даешь молодежь! 16+
04.00 6 кадров 16+
05.30 Мультфильмы 0+

ТНТ
07.00, 08.00, 06.40 Однажды в России. Спецдайджест 16+
08.30 Модные игры 16+
09.00, 09.30, 10.00, 10.30, 11.00, 11.30, 12.00, 12.30 Т/с "Реальные пацаны" 16+
13.00, 13.30, 14.00, 14.30, 15.00, 15.30, 16.00 Т/с "СашаТаня" 16+
16.30, 17.00, 17.30, 18.00 Т/с "Патриот" 16+
18.30, 18.50, 19.15, 19.35 Т/с "Ресторан по понятиям" 16+
20.00, 20.30 Т/с "Ресторан по понятиям-2" 16+
21.00, 21.30 Т/с "Просто Михалыч" 16+
22.00 Т/с "Домашний арест" 16+
23.30 Х/ф "Матрица. Перезагрузка" 16+
01.55, 02.45 Импровизация 16+
03.30, 04.20 Comedy Баттл 16+
05.05, 05.50 Открытый микрофон 16+

8 Среда

ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 12+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 АнтиФейк 16+
09.55 Жить здорово! 16+
10.45, 12.15, 15.15, 16.50, 18.20 Информационный канал 16+
16.00 Мужское / Женское 16+
18.00 Вечерние новости
21.00 Время
21.45 Т/с "Пробуждение" 16+
22.45 Большая игра 16+
23.45, 03.05 Подкаст.Лаб 16+

РОССИЯ 1
05.00, 09.30 Утро России 12+
09.00, 14.30, 21.05 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
11.00, 14.00, 16.00, 20.00 Вести
11.30, 17.30 60 минут 12+
14.55 Кто против? 12+
16.30 Малахов 16+
21.20 Т/с "Склифосовский. Юбилейный сезон" 16+
23.25 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+
02.05 Т/с "Каменская" 12+
03.50 Т/с "Личное дело" 12+

ГТРК "АЛАНИЯ"
"Алания" канал "Россия 1"
05.07; 05.35; 07.07; 07.35 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.07; 06.35; 08.07; 08.35 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.00 Местное время. Вести-Ирыстон
09.35 Аланийы райсом
09.55 Канал "Россия 1"
14.30 Местное время. Вести-Алания
21.05 Местное время. Вести-Алания
"Алания" канал "Россия 24"
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал "Россия 24"

НТВ
04.55 Т/с "Оперетта капитана Крутова" 16+
06.30 Утро. Самое лучшее 16+
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35 Сегодня
08.25, 10.35 Т/с "Медвежий угол" 16+
13.25 Чрезвычайное происшествие 16+
14.00 Место встречи 16+
16.45 За гранью 16+
17.50 ДНК 16+
20.00 Т/с "Чужая стая. Невидимый враг" 16+
22.00, 00.00 Т/с "Душегубы" 16+
00.25 Т/с "Невский" 16+

ПЯТЫЙ КАНАЛ
